


# Pou Konbyen Tan Mwen Sipoze Rete an Izòlman oswa an Karantèn akòz COVID-19?

**Remak:** Moun ki pran tout vaksen yo ki pa gen okenn sentòm yo pa bezwen mete tèt yo an karantèn, Men yo dwe toujou kontwole pou wè si yo pa gen sentòm pandan 14 jou apre yo te ekspoze.


Si ou **MALAD** epi ou **TESTE POZITIF** pou COVID-19:  
Rete lakay ou pou 10 jou EPI ou sipoze pase pou piti 24 èdtan san lafyèv epi w sipoze santi w byen.



Si ou **MALAD** epi ou **TESTE NEGATIF** pou COVID-19:  
Rete lakay ou jiska 24 èdtan oswa jiskaske sentòm yo pase epi w santi w byen.



Si ou **PA MALAD** epi ou **TESTE POZITIF** pou COVID-19:  
Rete lakay ou pou 10 jou apre fin teste.



Si ou **PA MALAD** men ou te gen **KONTAK SERE** avèk yon ka COVID-19:  
Rete lakay ou pou 14 jou.



Si ou **PA MALAD** men w ap **VIV AVÈK YON MOUN** ki gen COVID-19: Rete lakay ou lwen moun ki malad la pandan 14 jou. Si w ap pran swen yon moun ki gen COVID-19 oswa si moun ki malad la pa ka izole tèt li de lòt moun ki nan kay la, ou dwe rete lakay ou pandan moun ki malad la ret nan kay la (omwen 10 jou) plis 14 jou anplis.

